# *ХÆЛАРДЗИНАДЫ УАГ*

Царди-уыди чысыл рувасы лæппын.
Никæйы фæндыд йемæ лымæн кæнын.
Иу бон  рацыд æрдузмæ тезгъо кæнынмæ æмæ фембæлд уызыныл.
 Рахаста фæнд йемæ балымæн кæныныл.
- Гъей, сындз сæр, балымæн уæм!- фæхъæр кодта  рувасы лæппын.
- О-о, рувасы лæппын – дзуапп радта уызын. Ды æппындæр нæ зоныс æгъдауы уаг?
- Уый цы у «æгъдау»?
- Æгъдау у … Цом мемæ.
Нарæг  къахвæндагыл ацыдысты хъæдмæ.  Цæуынц, сæ алыварс хъуысы цъиуты зарын, цъæх арвыл хур тæмæнтæ калы. Бахæццæ сты мæнæргъыйы къудзийы размæ æмæ æрлæууыдысты. Уызын йæхи къудзимæ байста, æртыдта иу мæнæргъы æмæ дзуры рувасы лæппынмæ:
- Хæрыс мæнæргъы?
- Æнæмæнг,- загъта рувасы лæппын, райста уызынæй  мæнæргъы æмæ йæ ахордта. Батылдта йæ сæр уызын, фæлæ ницы сдзырдта.
Цæуынц дарддæр къахвандагыл, сæ размæ фæцис æхсæрæг. Уый иу къалиуæй иннæмæ тæррæстытæ кæны, йæ хæмпус къæдзил тилгæ.



- Дæ бон хорз, æхсæрæг,- атылдта йæ дзæмбы уызын.
- Ægас цу, уызын!
- Базонгæ у, рувасы лæппын, мæ лымæн – æхсæрæг. Салам йын ратт.
- Гъей, æхсæрæг!
- Дæ бон хорз, рувасы лæппын,- зивæггæнгæ сдзырдта æхсæрæг, сгæпп кодта уæлдæр къалиумæ, цыма уынгæ дæр никæйы кæны.



Уызын арф ныуулæфыд æмæ та абалц кодтой дарддæр. Сæ фæндагыл амбæлдысты тæрхъусыл.
- Дæ бон хорз, тæрхъус, - фæхъæр кодта уызын.
Рагæй-æрæгмæдæр кæрæдзийы нæ федтам.
- О, раст дæ, уызын, рагæй нал федтам кæрæдзийы,- загъта тæрхъус йæ мидбылты худгæйæ.
- Бахатыр кæн, уызын, мæ лæппынтæ иунæг сты æмæ сæм тагъд кæнын.
- Ницы тæссаг сын у. Ды æрмæст ме' мбалимæ базонгæ у, рувасы лæппынимæ.
- Тынг æхсызгон мын у, æз дæн тæрхъус. Бахатыр кæн, тынг тагъд кæнын. Хæрзбон, рувасы лæппын.
Рувасы лæппын ныффутт кодта. Цæуынц дарддæр къахвæндагыл, æвиппайды сæ размæ срæзт къуыбыр. Рувасы лæппын тынг фæтарст, фæлæ йæ уызын уайтагъд фембæрста, уый йæ зæронд лымæн кæй у – куырм мыст.
- Дæ бон хорз, куырм мыст, – загъта уызын æмæ йын æртъæпп кодта йæ сæр.
- Ægас цу, уызын. Кæс ма, ацы аз цы бирæ тыллæг æрымбырд кодтон.
Райс æмæ ахæр, ма'фсæрмы кæн.
- Æз иунæг нæ дæн, мæ ног лымæнимæ, рувасы лæппынимæ.
- Дæ бон хорз, рувасы лæппын. Ацаход мæ уырыдзытæй, æз чъынды нæ дæн.

- Кæд афтæ у, уæд…
Рувасы лæппын систа уырыдзытæй йæ дзæмбыты цас бацыд, уыйбæрц. Уызын хъавыд цыдæр зæгъын, фæлæ та арф ныууылæфыд. Уый раста уырыдзытæй тынг гыццыл, баппæрста сæ йæ сындз æккоймæ æмæ сæ фæндаг акодтой дарддæр. Цæугæ – цæуын рувасы лæппын бахордта йæ уырыдзытæ, уызынæн уæздан ныхас  дæр нæ загъта. Уыцы рæстæг æрбацæйхæццæ кодта тæрккъæвда, арв æрбатар.
-Хорз,- загъта рувасы лæппын,- æнкъард у сымахимæ, æз цæуын хæдзармæ.
- Фæлæуу, рувасы лæппын, кæдæм  цæуыс? Æрттæккæ  тæрккъæвда уыдзæн, цом мæм уазæгуаты.
- Æз никуыдæм цæуын – ныффут та кодта рувасы лæппын æмæ ацыд.
- Гæнæн нæй, - загъта уызын æмæ араст йæ фæндагыл.
Рувас уæззау цыд  кодта йæ хæдзармæ. Уалынмæ тæркъæвда ныккалдта, сыстад тыхджын  дымгæ, арв ферттывта æмæ йæ гуыр-гуыр ссыд. Рувасы лæппын фæтарст, амбæхст калд  бæласы бын, йæхи атымбыл кодта æмæ бамбæрста фæдзæгъæл, уый.



Уыцы рæстæг уызын банкъардта фыдбылыз æмæ йæхицæн уынаффæ рахаста рувасы лæппыны ссарын. Араст кодта уызын йæ ног лымæны агурæг. Фæндагыл фембæлд йæ рагон хæлæрттыл, рувасы лæппыны кæимæ базонгæ кодта, уыдоныл. Уызыны хæлæрттæ уыдысты: æхсæрæг, тæрхъус æмæ куырм мыст.
-Уæ бон хорз, мæ хорз хæлæрттæ!
Фæкæсут ма  мæм нæ ног лымæн, рувасы лæппыны, ссарынмæ.
- Æгас цу, уызын. Уый уыцы æнæгъдау рувасы лæппын?
- Уый ис сахур кæнæн æгъдауыл, – загъта лæгъз хъæлæсæй уызын.
- Хорз, феххуыс дын кæндзыстæм, - дзуапп радтой сырдтæ.

Уызын æмæ йæ хæлæрттæ араст кодтой рувасы лæппыны агурынмæ. Уыцы рæстæг къæвда фæтынгдæр. Рувасы лæппын бамбæрста раст кæй нæ уыд, йæхи æнæгъдауæй равдыста йæ ног лымæнтимæ. Худинаг æм æркаст. Хæлæрттæ иумæ архайдтой рувасы лæппыны агурыныл. Æхсæрæг бæрзонд къалиуæй ауыдта бурхил къуыбылой калд бæласы бын.
- Æз йæ ссардтон,- фæхъæр кодта æхсæрæг.
Сырдтæ атагъд кодтой рувасы лæппынмæ. Уый тынг бацин кодта йæ ног лымæнтыл æмæ загъта:
- Бахатыр мын кæнут.  Æз уæм схуыстæй дзыртон, фæлæ ныр бамбæрстон, раст кæй нæ нæ уыдтæн. Цæй æмæ уæм хорз хæлæрттæ.
 Сырдтæ ныххатыр кодтой рувасы лæппынæн æмæ систы хорз хæлæрттæ. Афтæмæй базыдта рувасы лæппын цы у æгъдау.